दिन—रविवार दिनांक—08.09.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

नव दिल्ली सँ इस्लामपुर जा रहल मगध एक्सप्रेस ट्रेन आइ दूपहर लगभग सवा एगारह बजे बक्सर जिलाक टुड़ीगंज आ रघुनाथपुर स्टेशन के मध्य बक्सर—दानापुर रेलखंडक डाउनलाईन पर दू हिस्सा मे बटि गेल। ई घटना ट्रेनक तेरह आ चौदह नंबर बोगी के बीचक कपलिंग टुटि गेला सँ भेल जाहि सँ नओ बोगी इंजन सँ फराक भऽ गेल। पूर्व मध्य रेलवे के मुख्य जनसंपर्क अधिकारी सरस्वती चंद्र जनौलनि जे एहि घटना मे किनको हताहत अथवा घायल हेबाक संवाद नहि अछि। एहि मध्य बक्सर—दानापुर रेलखंड पर परिचालन बहाल कऽ देल गेल अछि। हादसा के बाद डाउनलाईन सँ पहिल ट्रेन सूरत—भागलपुर एक्सप्रेस के पटनाक लेल विदा कयल गेल।

---

राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री दिलीप जायसवाल कहलनि अछि जे जमीनक सभ दस्तावेज डिजिटल रूप सँ उपलब्ध अछि आ लोक सभ एकरा आवेदन दऽकऽ ऑनलाईन प्राप्त कऽ सकैत छथि। प्रदेश भरि मे भूमि सर्वेक्षण के लऽकऽ भऽ रहल दिक्कत पर मंत्री कहलनि जे सरकार खतियान, जमाबंदी पंजी, लगान रसीद जकाँ जमीन सँ जुड़ल आन दस्तावेज डिजिटली उपलब्ध करौलक अछि। श्री जायसवाल कहलनि जे जमीन सँ जुड़ल कोनो कागजात के लऽकऽ स्वघोषणा के संग निदेशालयक वेबसाईट पर एकरा अपलोड कयल जा सकैत अछि। ओ कहलनि जे लोक सभ स्वयं अपन वंशावली बना कऽ स्वघोषणा के संग जमा कऽ सकैत छथि। ई पूर्णरूपेण मान्य होयत।

---

राज्य सरकार बारह जिलाधिकारी सहित तैंतालीस आईएएस अधिकारी लोकनिक बदली कऽ देलक अछि। सामान्य प्रशासन विभागक दिस सँ जारी अधिसूचना के अनुसार रौशन कुशवाहा के समस्तीपुर, तुषार सिंगला के बेगूसराय, तनय सुल्तानिया के भोजपुर, कुमार गौरव के अरवल, मिथिलेस मिश्र के लखीसराय आ उदिता सिंह के रोहतासक जिलाधिकारी बनाओल गेल अछि। एकर संगहि, तरणजोत सिंह के मधेपुरा, विवेक रंजन मैत्रेय

के शिवहर, अनिल कुमार के अररिया, विशाल राज के किशनगंज, अभिलाषा शर्मा के जमुई आ आरीफ अहसन के शेखपुरा के डीएम बनाओल गेल अछि। एकर अलावे सरकार अधिकारी लोकनिक संयुक्त सचिव, विशेष सचिव, अपर सचिव, निदेशक आ डीडीसी सहित कतेको पद पर स्थानातंरण कयलक अछि।

———————————————————————

आर्थिक अपराध इकाई के डीआईजी मानवजीत सिंह ढिल्लो कहलनि अछि जे राज्यक सभ चौवालीस साईबर थाना एक–दोसर सँ जुड़ि जायत। एहि लेंल एक पोर्टल बनाओल जा रहल अछि। पटना मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत श्री ढिल्लो कहलनि जे ई एक अत्याधुनिक नेटवर्किंग सिस्टम होयत जकर, माध्यम सँ सभ साईबर थाना ईओयू के साईबर कोड सेंटर सँ जुड़ि जायत। डीआईजी कहलनि जे पोटर्ल के माध्यम सँ मोबाईल नंबर आ आईपी एड्रेस के लोकेशन के पकड़ब आसान भऽ जायत। संगहि थाना आपस मे साईबर अपराधी सभक विषय मे सूचना के तुरंत आदान–प्रदान कऽ सकत।

———————————————————————

प्रदेश मे डेंगू के नव मामिला भेटबाक क्रम जारी अछि। पछिला चौबीस घंटा मे राज्यभरि सँ बासठि नव मामिला सोझा आयल अछि। एहि मे सभ सँ बेसी छत्तीस मरीज पटना सँ छथि। एकर अलावे गया सँ सात आ औरंगाबाद सँ पांच मरीज भेटल अछि। स्वास्थ्य विभागक अनुसार एहि वर्ष एखन धरि डेंगू के एक हजार अड़सठि मामिला सोझा आबि चुकल अछि।

———————————————————————

आई अंतर्राष्ट्रीय साक्षरता दिवस अछि। एकर आयोजन हरेक व्यक्ति, समुदाय आ समाजक लेल साक्षरता के महत्वक दिस ध्यान आकर्षित करबाक लेल कयल जायत अछि। एहि वर्षक विषय अछि– **बहुभाषी शिक्षा संवर्धन, आपसी समझ और शांति के लिए साक्षरता**। एहि अवसर पर राजधानी पटना सहित प्रदेश भरि मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल जा रहल अछि। एहि अवसर पर राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन संदेश मे कहलनि जे शिक्षा समाज आ राष्ट्रक विकास मे केन्द्रीय भूमिका के निर्वाह करैत अछि आ प्रदेशक संर्वागीण विकासक लेल सेहो विशेष महत्वपूर्ण माध्यम अछि।

———————————————————————

जदयूक कार्यकारी राष्ट्रीय अध्यक्ष आ राज्सभा सांसद संजय झा कहलनि जे राजद नेता तेजस्वी यादव के प्रस्तावित यात्रा निरर्थक सावित होयत। ओ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत कहलनि जे लोकसभा चुनाव मे जनता राजद के नकारि देलक अछि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री राष्ट्रीय बाल पुरस्कार दू हाजर पच्चीसक लेल नामांकन एहि मासक पंद्रह तारीख धरि कयल जा सकैत अछि। महिला आ बाल विकास मंत्रालय हरेक वर्ष जनवरी मे एहि पुरस्कारक आयोजन करैत अछि। एहि पुरस्कारक लेल पांच वर्ष सँ अठारह वर्ष धरिक आयु के बच्चा पात्र हेता। नामांकन राष्ट्रीय पुरस्कारक अधिकारिक वेबसाईट के माध्यम सँ कयल जा सकैत अछि।

———————————————————————

खगड़िया जिलाक एक अदालत पौक्सो एक्ट के अंतर्गत गोगरी थाना क्षेत्र निवासी एक व्यक्ति के दुष्कर्म मामिला मे तीन वर्षक सश्रम कारावासक सजा सुनौलक अछि। संगहि, बीस हजार टाकाक अर्थदंड सेहो लगौलक अछि।

कटिहार जिलाक मनसाही थाना क्षेत्र स्थित एक निजी स्कूलक छात्र के हत्याक आरोप मे पुलिस एक शिक्षक सहित दू गोटे के गिरफ्तार कयलक अछि।

मधुबनी जिलाक लदनिया थाना क्षेत्र सँ पुलिस शराब सँ लदल वाहन के संग चालक के गिफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त